

FL-1083-2021-4

Notis Piblik

Lamenm yo bay notis Konte Lee Pral aplike pou yon sibvansyon Administrasyon Tranzit Federal kote l ap itilize fon ki alwe nan Pwogram Fòmil Zòn Ibanize nan 49 USC Seksyon 5307 la pou fon yo atribye atravè Lwa sou Plan Sekou Ameriken ane 2021 an (American Rescue Plan Act of 2021) ki pral bay asistans pou operasyon Depatman Tranzit konte Lee a, LeeTran.

Sibvansyon pou operasyon ane fiskal federal 2021 an pral asire fon pou pwogram nan ki nan montan \$12,774,747. Pwogram pwojè yo pral enkli asistans pou operasyon tankou salè ak depans operasyonèl ki gen rapò ak founisman sèvis tranzit piblik.

Nenpòt pati ki enterese ka fè demann pou Konsèy Komisè Konte Lee a (Lee County Board of County Commissioners) fè yon odyans piblik konsènan pwogram pwojè yo pou aplikasyon pou sibvansyon zòn iben sa a. Pou fè demann pou yon odyans piblik tanpri soumèt yon demann alekri nan espas 10 (dis) jou notis sa a nan Lee County Transit, 3401 Metro Parkway, Fort Myers, Florida 33901.

Tout pati ki enterese ka jwenn yon kopi aplikasyon sibvansyon sa a nan LeeTran 3401 Metro Parkway, Fort Myers, Florida 33901 ant 8:00 a.m. a 5:00 p.m., de lendi a vandredi.

Si yo pa fè okenn chanjman an pwojè ki site anwo a, yo pral konsidere notis sa a kòm notis final pwogram pwojè yo. Ou ka dirije tout kesyon nan LeeTran Grants Analyst nan (239) 533-0356 oswa pa imèl nan kfernandez@leegov.com oswa nan www.rideleetrans.com

Konte Lee pap fè diskriminasyon kont endividi sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, laj, andikap, relijyon, revni oswa estati familyal. Pou mande entèpretasyon lang, tradiksyon dokiman oswa yon modifikasyon rezonab ki kalifye pou ADA san sa pa koute moun ki fè demann lan anyen, kontakte Ranice Monroe, (239) 533-0374, Florida Relay Service 711, omwen senk jou ouvrab alavans. El Condado de Lee brindará servicios de traducción sin cargo a personas con el idioma limitado del inglés. Moun ki kwè yo te viktim diskriminasyon sou kondisyon sa yo ka pote yon plent nan Komisyon Florid sou Relasyon Imen (Florida Commission on Human Relations) nan 850-488-7082 oswa 800-342-8170 (mesajri vokal).

Fort Myers News-Press

Dat li pibliye: 9/13/21